Semans

AGROSERVICE

KONSEY SOU JADEN TOMAT

KI JAN OU PREPARE PEPINYE TOMAT

Pou plante yon kawo tè tomat ou bezwen achte nan AGROSERVICE ki pi prew la, yon liv semans. Liv semans tomat saa, wap simenl sou 10 platbann ki mezire an total 100 m2. Sa vle di, chak platbann ap mezire 10 m longè ak yon mèt lajè. Depi pepinyè tomat la jwenn swen li bezwen, sou 20 jou rive sou 25 jou, ou dwe transplantel.

KIJAN OU DWE REPIKE TOMAT

Ou bezwen laboure byen fon, jiska 40 cm, tè ou pral repike tomat la, avan ou esel epi siyonnenl. Siyon yo ap genyen yon mèt distans youn ak lot. Ti plan tomat yo ap repike sou biyon yo ak yon distans 20cm youn ak lot. konsa nan chak kawo tè wa genyen 64 500 pye tomat.

KI KALITE ANGRE TOMAT PI RENMEN.

Tomat la mande pou bali yon premye 4 sac 12- 12- 20 dis(10) jou apre li te repike. Yon dezyèm 8 sac 12- 12-20 kenz (15) jou apre. Mete 3 sac ire oswa 6 sac silfat nan moman tomat la fek Komanse fleri.

KI SWEN JADEN TOMAT BEZWEN

Pou proteksyon ti planyo ki pral leve, dezinfekte platbann yo ak *EMEXIL*. Lè tomat la leve nan pepinyè, depi li genyen 3 fèy, protejel kont mouch blanch avèk yon bon aplikasyon *ACTARA*. Pepinyè a ap bezwen tou sou 8 jou aprel fin leve ,yon aplikasyon *EMTHANE + SATIYET+ BANDI.*

Apre repikaj, kenbe jaden tomat la sou proteksyon kont mouch blanch, avek yon aplikasyon *ACTARA* chak 15 jou, jiskaske tomat la komanse donnen. Yon bon aplikasiyon *EMEXIL* chak 12 jou oswa *EMTHANE* chak 8 jou melanje avek *BANDI*,oswa *TRICEL* oswa *TAMBO* epi toujou *SATIYET* nan melanj lan, konsa wap gen bon kontrol ensèk ak maladi nan jaden tomat.

Ou kapab kontrole Zèb nan jaden tomat avek Glycel avan plantasiyon , epi *AGIL* nan plantasiyon .

ANVAN'W SÈVI AK PWODI SA YO, LI ETIKÈT YO, MANDE KONSÈY NAN AGROSERVICE KI PI PRE W LA

AGROSERVICE SE ZANMI'W

WWW.AGROSERVICE.HT